



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ MURPHY, GOUVÈNÈ LAMONT, GOUVÈNÈ WOLF, GOUVÈNÈ CARNEY, GOUVÈNÈ RAIMONDO AK GOUVÈNÈ BAKER ANONSE AKÒ ANT PLIZYÈ ETA POU YO DEVLOPE CHÈN APWOVIZYÒNMAN REJYONAL POU EKIPMAN POU PWOTEKSYON PÈSONÈL AK EKIPMAN MEDIKAL YO

Eta yo pral akimile demann total yo pou PPE yo, ekipman medikal ak tè sò yo sou yon baz rejyonal

Chèn apwovizyònman rejyonal yo pral ede reyalize pi bon prix, livrezon ak fyabilite nan PPE ak nan ekipman medikal pou Eta yo

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè New York la, Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont, Gouvènè Pennsylvania a, Tom Wolf, Gouvènè Delaware a, John Carney, Gouvènè Rhode Island lan, Gina Raimondo, Gouvènè Massachusetts la, Charlie Baker te anonse jodi a akò ant plizyè eta pou yo devlope chèn apwovizyònman rejyonal pou ekipman pou pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE), lòt ekipman medikal ak tè sò yo.

Pandan ke eta yo pral kontinye fè patenarya ak gouvènman federal la pandan kriz sante mondyal ak nasyonal sa a, yo pral travay ansanm tou pou idantifye bezwen tout rejyon an pou pwodwi sa yo, akimile demann total eta yo, redwi pri yo ak estabilize chèn apwovizyònman an. Eta yo pral kowòdone tou règleman konsènan envantè PPE chak enfrastruktir swen sante eta ta dwe genyen pou prepare pou yon evantyèl dezyèm vag COVID-19 la. Eta yo pral kowòdone tou politik sou ki founiti gouvènman lokal yo ta dwe genyen ki pare pou Premye Sekouris yo, epi si gen nenpòt egzijans konsènan PPE ke yo bezwen pou sektè san bi likratif ak sektè prive yo.

Answit eta yo pral chèche idantifye founisè nan peyi a, nan rejyon an oswa nan eta a ki ka pran anplè pou satisfè demann tout rejyon an pandan pwochen twa mwa yo. Objektif apwòch sa a se diminye potansyèl ratman nan chèn apwovizyònman pou PPE ak ekipman medikal, ki gen ladan dezenfektan ak vantilatè, ak tè sò, epi ankouraje devlopman ekonomik rejyonal.

Anplis de sa, eta yo ap diskite sou ki jan yo ka eksplore kolektivman teknoloji emèjan yo sou yon baz kontinyèl pou pran avantaj potansyèl ki asosye ak metòd altènatif nan pwodiksyon pwodwi ki deja egziste ak inovasyon ki ta mennen nan altènatif ki pi efikas ak/oswa ki mwen chè yo. Pa egzanp, Enprimant 3D yo ka reprezante yon altènatif atiran pou pwodui sèten ekipman pwoteksyon pèsonèl ak pwodwi medikal yo.

"Pandemi COVID-19 la te kreye yon mache prese fou pou ekipman medikal atravè tout nasyon an - te gen konpetisyon pami eta yo, antite prive ak gouvènman federal la e nou te fè moute pri resous esansyèl sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Antanke yon eta ak antanke yon nasyon nou pa ka andire sa ankò. Nou pral fòme yon konsòsyòm rejyonal acha eta avèk sèt eta patnè nou yo nan nòdès pou ogmante pouvwa acha nou an lè n'ap achte pwovizyon ak ede nou jwenn ekipman nan yon pi bon pri. Mwen vle remèsye eta vwazen nou yo pou sipò kontinyèl yo, jenewozite ak kowòdinasyon rejyonal yo nan kad efò enpòtan sa yo."

Gouvènè Murphy te deklare, "Eta nou yo pa ta dwe janm nan yon pozisyon kote nou ap fè konpetisyon aktivman youn kont lòt pou resous ki kapab sove lavi yo. Lè nou travay ansanm nan tout rejyon an, nou ka jwenn pwovizyon enpòtan pandan n'ap kòmanse pwosesis pou relanse ekonomi nou yo, pandan n'ap ekonomize lajan pou kontribiyab nou yo tou. Konsèp sa plase nan kè apwòch rejyonal nou deja etabli a".

Gouvènè Lamont te deklare, "Ak chèn apwovizyonman mondyal k'ap kontinye fè eksperyans ak yon gwo ratman akòz pandemi an, konbine efò eta nou yo an yon inisyativ acha rejyonal pral ede eta nou yo jwenn PPE nesèsè ak lòt ekipman medikal san yo pa antre nan konpetisyon youn kont lòt. Depi lontan mwen ap plede pou gouvènman federal la enplike paske mete 50 eta youn kont lòt pou fè konpetisyon pou founiti sa yo pa te janm fè okenn sans. Patenarya ak vwazen nou yo ede fè pouvwa acha nou pi fò epi pi fyab".

Gouvènè Wolf te deklare, "Nan travay ansanm, nou ka konbine fòs nou pou bati kapasite nou tout bezwen yo. Nou ka esplwate tay mache nou an pou ankouraje pwodiktè yo fè sa nou bezwen, nou ka esplwate fòs finansye nou pou bay ankourajman sa a yon pwa anplis, e nou ka esplwate gwo enstitisyon rechèch yo ak sèvo nan rejyon nou an pou ogmante chans nou pou nou fè siksè. Mwen pa ka tann pou mwen travay ak gouvènè parèy mwen yo —ak vwazen mwen yo-pou konstwi yon chèn apwovizyonman rejyonal solid".

Gouvènè Carney te deklare, "Nou bezwen yon apwòch koyeran pou retire eta nou yo nan kriz sa a, e ki gen ladan asire yon apwovizyonman PPE ak tè sifizan. Mwen rekonesan pou kowòdinasyon sa ak kolèg Gouvènè mwen yo nan rejyon an. Nou pral pi byen pozisyon pou kontinye abòde kriz sa a nan travay ansanm ak eta ki anviwone nou yo".

Gouvènè Raimondo te deklare, "Travayè swen sante nou yo pa ta dwe janm enkyete yo konsènan si nou gen ase PPE pou kenbe yo an sekirite. Pandan de mwa ki sot pase yo, nou te vwayaje pasi pala pou jwenn founiti epi nou te travay di pou satisfè demann moun ki devan liy yo. Nou konnen ke, nan mezi pou re-ouvri ekonomi an san danje, nou bezwen founiti PPE alontèm pou tout travayè enfrastrikti enpòtan yo. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye kolabore avèk eta yo nan tout rejyon an pou kapab konstwi e kenbe yon apwovizyonman PPE ki stab, fyab ak abòdab".

Gouvènè Baker te deklare, "Massachusetts pa ka tann pou travay ak lòt eta yo pou idantifye plis opsyon pou akizisyon PPE pou travayè swen sante ak pèsònèl sekirite piblik nou yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)